

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kuantitatif anu ngagunakeun pamarekan ékspérimén kuasi (*quasi eksperimental design*). Desain dina ieu panalungtikan nyaéta *one group design (pre-test posttest)*. Desain panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap:

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O₁	X	O₂

(Arikunto, 2010, kc.124)

Katerangan :

O₁ : *Pre-test* (saméméh ngagunakeun modél TGT)

O₂ : *Post-test* (sanggeus ngagunakeun modél TGT)

X : *Treatment* (nulis warta ngagunakeun modél TGT)

Dumasar kana desain di luhur, dina ieu panalungtikan digunakeun métodeu ékspérimén semu (*quasi eksperimental design*) anu ngagunakeun hiji kelas ékspérimén tanpa kelas pembanding.

Aya tilu kagiatan utama anu bakal dilaksanakeun dina ieu panalungtika nyaéta *pre-test, treatment, jeung post-test*. Dina kagiatan *pre-test*, siswa dibéré pangajaran Basa Sunda ngeunaan matéri Nulis Warta. Siswa dibéré latihan pikeun nulis warta dumasar tema nu ditangtukeun. Ahirna hasil tina *pre-test* dibandingkeun jeung hasil diajar siswa sanggeus ngalaksanakeun kagiatan *post-test*. *Treatment* nyaéta kagiatan nu diayakeun ku panalungtik nalika tengah-tengah kagiatan *pre-test* jeung *post-test*. *Treatment* anu dilakukeun nyaéta kagiatan pangajaran ngagunakeun modél *Teams Games Tournament*, anu sacara signifikan bakal gedé pisan pangaruhna kana hasil *post-test*, boh hasilna bakal ngaronjat atawa henteu.

Rivani Azizah Hnedarmin, 2018

MODÉL TEAMS GAME TOURNAMENT (TGT) DINA PANGAJARAN NULIS WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2. Sumber Data Panalungtikan

Data anu ditalungtik bisa dimeunangkeun ti Siswa kelas VIII-C SMP Negeri 2 Arjasari kalawan jumlah siswana 30 urang, ngawengku 18 urang awéwé jeung 15 urang lalaki. Salain ti éta pikeun bahan anu diperlukeun ogé bisa dimeunangkeun tina buku-buku sumber anu aya pakuat-pakaitna jeung ieu materi.

Tabel 3.1

Jumlah siswa kelas VIII-C SMP Negeri 2 Arjasari

Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
Awéwé	18 urang
Lalaki	15 urang

3.3. Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké pikeun ngumpulkeun data sangkan kagiatan panalungtikan bisa sistematis jeung éféktif nya éta kudu ayana data awal jeung data ahir. Data awal jeung data ahir miboga fungsi pikeun mikanyaho sa jauh mana hasil diajar nu dipikahayang ngaliwatan *treatment* anu dipaké. Hasil tina éta panalungtikan téh aya dina wangun tinulis.

Instrumen nu dipaké nya éta soal anu sarua antara *pre-test* jeung *post-test* tabél penilaian, lembar pikeun nempatkeun méja turnamén, tabél skor turnamén pikeun ngitung poin-poin jeung lembar rangkuman hasil akhir skor tim. Soal anu dijieun dina wangun ésséy sedengkeun soal pikeun kuis modél TGT mangrupa 30 soal pilihan ganda (PG). Matéri anu dipaké nya éta pedaran ngeunaan warta, ngawengku wangenan, unsur-unsur warta, cara panulisan warta, papasingan warta, mangpaat jeung fungsi warta sarta jenis-jenis warta. Saluyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc.203) yén instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéana leuwih babari jeung hasilna ogé hadé.

a. Lembar Tés

1) Pilihan Ganda (PG) pikeun kuis modél *Teams Games Tournament*

a) Soal kuis Ronde 1

Soal Pilihan Ganda	
1.	Warta asal kecapna tina basa sansakerta nya éta “ <i>Virrita</i> ”, nu hartina... a. kajadian b. kaayaan c. fakta d. opini
2.
3.

Pikeun pre-test jeung post-test, ngagunakeun hiji soal anu sarua. Digunakeuna soal anu sarua sangkan bisa ngukur atawa nguji sa jauh mana modél *Teams Games Tournament* éféktif atawa henteu dina pangajaran nulis warta di kelas VIII. Siswa diperedih nulis warta kalawan téma anu geus ditangtukeun.

b) Soal kuis Ronde 2

Dina kuis turnamén ronde dua, mangrupa final tina modél TGT. Wanda soal anu digunakeun nya éta *word square*.

D	N	Y	A	T	A	R	A	P	N
F	Z	N	B	C	D	J	Q	O	A
G	H	Z	X	Z	F	Y	Z	L	O
A	W	A	R	T	A	Y	F	D	N
C	D	Z	O	I	K	H	G	T	U

R	F	G	J	K	T	H	V	B	I
F	X	E	B	V	A	X	C	X	K
B	U	B	U	K	A	S	A	H	A

2) **Soal Pre-test**

Pék ku hidep jieun hiji warta anu téma na bisa milih antara pendidikan, olahraga jeung bencana alam, eusi warta maksimal tilu paragraf!

3)

Pék ku hidep jieun hiji warta anu téma na bisa milih antara pendidikan, olahraga jeung bencana alam, eusi warta maksimal tilu paragraf!

b. **Modél Teams Games Tournament (TGT)**

1) **Denah méja Turnamén**

SISWA	TIM	1	2	3	4	5	6
		<i>Ronde TGT</i>					
01	A						
03	A						
19	A						
14	B						
15	B						
16	C						
21 ... jst.	B jst						

(Slavin, 2015, kc. 65)

2) Tabél skor jeung lembar ringkesan hasil ahir skor tim

Dina nangtukeun point, total point dikalkeun dua, bisa ditilik dina tabél di handap.

No Absen	Tim	Game 1	Game 2	Total	Poin
01	A	5	5	10 (5)	20 poin
03	B	10	5	15 (4)	30 poin
19	C	10	2	12 (3)	24 poin
14	D	8	9	17 (2)	34 poin
21	E	14	9	23 (1)	46 poin

(Slavin, 2015, kc. 66)

3) Kriteria Meunteun Nulis Warta

Sanggeus siswa nulis warta dina pretest jeung posttest, hasila dinilai dumasar kana tabél kriteria ieu di handap.

Tabel 3.2

Kriteria Meunteun Nulis Warta

No	Aspék nu dipeunteun	Déskripsi	Skor
1.	Judul Warta	Judul kudu luyu jeung eusi warta. Salain éta, judul ogé kudu ngirut pikeun pamaca.	20
2.	Kalengkepan Unsur Warta	Lengkepna unsur 5W + 1H, nu ngawengku: a. What b. When c. Who d. Where e. Why f. How	30
3.	Struktur Panulisan Téks Warta	Kudu nyusun dumasar kana téori " <i>Piramida Terbalik</i> ".	20
4.	Kaéféktifan Kalimah	Kalimah anu digunakeun éféktif atawa henteu. Kalimah anu kaasup bener, jelas jeung éfisién.	10
5.	Éjahan jeung Diksi	Éjahan anu dipake bener atawa henteuna, contona dina ngabédakeun 'e', 'eu' jeung 'é'. Diksi anu dipaké merenah atawa bisa miboga makna ganda (ambigu).	20
Jumlah Skor			100

(Sudarman, 2008, kc.90)

Keterangan kriteria meunteun warta:

a. Judul Warta

Rivani Azizah Hnedarmin, 2018

MODÉL TEAMS GAME TOURNAMENT (TGT) DINA PANGAJARAN NULIS WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Teu maké judul warta	: point 0
Judul warta na kurang hadé	: point (10-13)
Judul warta na hadé	: point (14-17)
Judul warta na hadé pisan	: point (18-20)

b. Kalengkepan Unsur Warta

Eweuh unsur 5W+1H	: point 0
Unsur 5W+1H lengkep	: point (27-30)
Kurang 1 unsur 5W+1H	: point (21-26)
Kurang 2-3 unsur 5W+1H	: point (13-20)
Kurang 4-5 unsur 5W+1H	: point (6-12)
Eweuh unsur 5W+1H	: point (1-5)

c. Struktur Panulisan Téks Warta

Panulisan téks warta luyu jeung struktur panulisan warta, ngurut, jelas
: point (15-20)

Panulisan téks warta luyu jeung struktur panulisan warta, teu ngurut tapi jelas
: point (9-14)

Panulisan téks warta luyu jeung struktur panulisan warta, teu ngurut tur teu jelas.
: point (6-9)

Panulisan téks warta teu luyu jeung struktur panulisan warta ngan aya bubuka jeung eusi warta. : point (1-5)

d. Kaéféktifan Kalimah

Struktur kalimah bener, jelas tur éfisién	: point (7-10)
Struktur kalimah bener, jelas tapi teu éfisién	: point (4-6)
Struktur kalimah teu bener, teu jelas tur teu éfisién	: point (1-3)

e. Éjahan jeung Diksi


Éjahan jeung diksi luyu	: point (15-20)
Éjahan luyu, diksi kurang luyu	: point (9-14)
Éjahan kurang luyu, diksi luyu	: point (9-14)
Éjahan jeung diksi kurang luyu	: point (1-8)

3.4. Prosedur Panalungtikan

Rivani Azizah Hnedarmin, 2018
MODÉL TEAMS GAME TOURNAMENT (TGT) DINA PANGAJARAN NULIS WARTA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Prosedur panalungtikan kawilang penting, sabab dina prosedur bisa katingali sacara jéntré léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Dina ieu panalungtikan pamarekan anu digunakeun nya éta pamarekan kuantitatif, nu ngagunakeun métodeu kuasi ékspérimén. Desain nu dipaké nya éta *one group pretest posttest design*.

Sangkan leuwih jéntré bisa katitén saperti ieu di handap.



Bagan 3.1

Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré bagan di luhur ditétélakeun saperti ieu di handap.

a. Tatahar

Saacan ngayakeun panalungtikan, panalungtik nangtukeun heula pamarekan naon anu baris dipilih. Pamarekan anu dipilih nya éta kuantitatif anu ngagunakeun studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas VIII C SMP Negeri 2

Rivani Azizah Hnedarmin, 2018

MODÉL TEAMS GAME TOURNAMENT (TGT) DINA PANGAJARAN NULIS WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Arjasari. Sanggeus éta panalungtik nganalisis masalah anu karandapan dina pangajaran nulis warta. Dina tahap tatahar panalungtik kudu milih masalah anu baris ditalungtik, tuluy diidentifikasi tur diwatesanan.

b. Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Sanggeus kapanggih masalah anu baris ditalungtik, diayakeun panalungtikan ka kelas pikeun ngumpulkeun data. Panalungtik nyieun instrumén panalungtikan anu bisa dimekarkeun. Tuluy ngalaksanakeun *pre-test* jeung *post-test* pikeun meunangkeun data. Tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis warta dina saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Teams Games Tournament*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Siswa migawé pancén nu mangrupa *pretest* nulis warta kalayan téma anu geus ditangtukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal;
- 2) Sanggeus mikanyaho kamampuh awal, panalungtik ngayakeun treatment pikeun prosés pangajaran;
- 3) Ngalaksanakeun pangajaran maké modél *Teams Games Tournament*;
- 4) Sanggeus ngalaksanakeun treatment, panalungtik ngalaksanakeun *posttest* pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna kamampuh siswa dina pangajaran nulis warta.

c. Nganalisis Data

Dina ieu tahap, sakabéh data anu dimeunangkeun dianalisis jeung dipedar ngagunakeun aplikasi SPSS 21.

d. Kacindekan

Sanggeus meunangkeun hasil tina data anu geus dianalisis, panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun.

3.5. Analisis Data

Téhnik nganalisis data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Téhnik ngolah data minangka cara nu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan dicangking

ngaliwatan téhnik tés, ngawengku *pre-tés* jeung *post-tés*. Sanggeus data hasil observasi jeung studi pustaka dimeunangkeun, tuluy datana bakal di olah.

Analisis data dina ieu panalungtikan dilakukeun ngaliwatan sababaraha tahapan saperti ieu di handap.

- a. Hasil tina *pret-és* jeung *post-tés* dipariksa sarta dianalisis.
- b. Méré peunteun kana hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum SkorSiswa}{\sum SkorMaksimal} \times 100$$

Keterangan:

P = Peunteun

Σ Skor siswa = jumlah peunteun siswa

Σ Skor maksimal = jumlah peunteun maksimal

Sangkan leuwih écés, peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabel di handap:

Tabel 3.3

Tabel Peunteun Akhir Siswa

Kode Siswa	ASPEK					Σ	P	K
	A	B	C	D	E			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)

--	--	--	--	--	--	--	--	--

Keterangan:

- Kode Siswa = Kode absén siswa
- A = Judul Warta
- B = Kalengkapan Unsur Warta
- C = Struktur Warta
- D = Kaéféktifan Kalimah
- E = Éjahan jeung Diksi
- Σ = Jumlah Skor
- P = Peunteun

Kategori : Peunteun ≥ 75 siswa dianggap mampu nulis warta
 Peunteun < 75 siswa dianggap can mampu nulis warta

3.5.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ku dua cara, nya éta uji normalitas jeung uji homogénitas.

3.6.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga fungsi pikeun ngukur normal atawa henteuna data anu digunakeun dina panalungtikan. Uji normalitas mboga tujuan pikeun mikanyaho data anu digunakeun miboga sebaran anu saluyu jeung kurve normal atawa henteu (Sugiyono, Susanto, 2015, kc 452).

Pikeun nangtukeun yén ieu data miboga fungsi normal atawa henteu, bisa digunakeun uji Kolmogorov-Smirnov atawa Shapiro Wilk. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : Distribusi data normal.

H_a : Distribusi data teu normal.

Uji normalitas Shapiro Wilk, ku taraf signifikansi 5% ($\alpha = 0,05$). Kriteria uji na saperti ieu di handap.

H_0 : ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_a : ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

Pikeun ngalaksanakeun uji normalitas, aya sababaraha léngkah dina aplikasi SPSS 21 ieu di handap (Sugiyono, Susanto, 2015, 452-454).

- a. Buka file data peunteun siswa, asupkeun kana aplikasi SPSS
- b. Klik *Analyze* \rightarrow Descriptive Statistic \rightarrow *Descriptive*
- c. Asupkeun sakabéh *Variable* kana kotak *Test Variabel List*.
- d. Tuluy *OK*.

3.6 Uji Hipotesis

Dina uji hipotesis aya dua cara nu dipaké. Saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina uji éta data hipotesisna ngagunakeun statistik parametris kalawan ngagunakeun t-tes. Sedengkeun saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun data miboga distribusi data nu teu normal, dina uji éta hipotesisna ngagunakeun statistik non parametris kalawan ngagunakeun *Uji Wilcoxon*.

a. Statistik Parametris

Aya dua cara uji hipotesis dina statistik parametris nya éta ku cara Uji dua pihak (*two tail test*) jeung uji sapihak (*one tail test*). Uji sapihak aya dua jenis, nya éta uji pihak kénca jeung katuhu (Sugiyono, Susanto, 2015, kc. 139).

1) Uji dua pihak (*two tail test*)

Dipaké saupama $H_0 =$ (sama dengan) jeung $H_a \neq$ (tidak sama dengan). Atawa t-hitung $\leq t_{\text{tabel}} = H_0$ ditarima. Harga t-hitung mangrupa harga mutlak, jadi teu ditingali (+) atawa (-) na. Lngkah-léngkahna nya éta (Sugiyono, Susanto, 2015, kc. 140-142):

- a) Data nilai diasupkeun jeung disunting dina data editor
- b) Klik menu *analyze*, pilih *Compare mean*
- c) Klik dina *One-Sample T test*

- d) Asupkeun ngaran *Variable* an bakal di analisis dina *Test Variable*.
- e) Eusian nilai test dina *Test Value*. Default *test value* 0 lamun dina ieu tést
- f) Klik *Option* pikeun nangtkeun taraf kapercayaan dina analisis (*Confidence Interval*). *Missing Values* (Data leungit), mangrupa data anu teu di analisis. *Exclude cases analysis by* analisis jeung *Exclude cases listwise*
- g) Sanggeus pilihan anu aya jeng katangtuan pikeun nganalisis geus diaktifkeun, tuluy Enter atawa klik OK.

2) Uji Sapihak (*One Tail Test*)

a) Uji Pihak Kiri

Uji pihak kiri saupama: $H_0 (\geq)$ jeung $H_a (<)$. Atawa lamun $t_{\text{itung}} \leq t_{\text{tabel}}$, H_0 ditarima jeung H_a ditolak. Léngkah-léngkahna sarua jeung nu saacana.

b) Uji Pihak Kanan

Uji pihak kanan saupama: $H_0 (\leq)$ jeung $H_a (>)$. Atawa lamun $t_{\text{hitung}} \geq t_{\text{tabel}}$, H_0 ditarima jeung H_a ditolak.

b. Statistik Non Parametris

1) Test Binomial

Test binomial digunakeun pikeun nguji hipotesis lamun dina populasi aya dua kelompok kelas, datana miboga wanda nominal jeung jumlah sampelna leutik (Sugiyono, Susanto, 2015, kc. 149). Test binomial cocog digunakeun pikeun alat pengujian hipotesis lamun ukuran sampelna leutik, jadi chi kuadrat teu bisa dipaké. Léngkah-léngkah dina SPSS na, nya éta:

- a) Asupkeun jeung sunting data anu baris di analisis
- b) Klik *Analyze*
- c) Pilih *Nonparametrics Test*
- d) Klik *Binomial*
- e) Bakal aya kotak *Binomial Test*, dina *Test Variable List* asupkeun ngaran, tuluy klik *Get from data* (Data sagemblengna) atawa *Cut point* (Niléy dipotong), *Test Proportion* diganti jadi 0,50, tuluy OK
- f) Bakal kaluar kotak *Binomial Test: Options*.
- g) Dinu *Statistics*, céklis kotak *Descriptive*

Rivani Azizah Hnedarmin, 2018

MODÉL TEAMS GAME TOURNAMENT (TGT) DINA PANGAJARAN NULIS WARTA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

h) Dinu *Missing Values* mangrupa panangtuan tina data nu leungit (teu dipaké) tina *data editor* ku *exclude cases test by test* (komputer ngadestinasikeun data anu eweuh) jeung *exclude cases list* (data nu leungi didestinasikeun ku nu maké dina editor).

2) Chi Kuadrat

Chi Kuadrat hiji sampel mangrupa téhnik nu digunakeun pikeun nguji hipotesis lamun dina populasi aya dua kelas atawa leuwih, datana mangrupa nominal jeung sampelna gedé. Léngkah-léngkah dina SPSS nya éta:

- a) Asupkeun data kana data editor
 - b) Klik menu *analyze*
 - c) Pilih *Nonparametric Test, Legacy Dialogs* tuluy Klik *Chi-square*
 - d) Bakal kaluar *Chi-square Test*, ngaranan data anu dianalisis dina *Test variable list*
 - e) Dinu *Values* asupkeun 1 jeung 2 atawa jarak atawa wates dumasar data anu dianalisis
 - f) Klik OK, bakal kaluar *Chi-square Test :Options*
 - g) Pilih *Descriptive* jeung *Exclude cases test-by-test*, klik *Continue*
- ## 3) *Run Test*

Run Test dipaké pikeun nguji hipotesis deskriptif. Nguji H_0 dilakukeun ku cara ngabandingkeun jumlah *Run* dina observasi ku niléy nu aya dina tabel (harga r dina test run). Lamu run observasi aya diantara run leutik jeung run gedé, jadi H_0 ditarima jeung H_a ditolak. Léngkah-léngkahna dina SPSS nya éta:

- a) Asupkeun data kana data editor
- b) Klik menu *Analyze*
- c) Klik *Nonparametric Test*
- d) Klik *Runs*
- e) Bakal kaluar kotak *Runs Test*, ngaranan *Test Variable List* na
- f) Aktifkeun *Cut Point* nya éta *Median, Mean* jeung *Mode*
- g) Tuluy akal kaluar *Runs Test: Options*, tandaan *Descriptive, Exclude cases list* tuluy *Continue*.

